

# Valorize libète ekspresyon

26 dawout 2024

Chè kominote kanpis la,

Libète panse ak ekspresyon se motè kominote akademik nou an, e nou kwè pa gen pi bon kote pase sou yon kanpis inivèsite pou echanj lide fèt.

Founi kominote nou an resous ak atant se bagay ki enpòtan pou kreye yon kilti kote lide yo fleri epi kote panse ki divès melanje. Sa vle di angaje ak etidyan yo, pwofesè yo epi manm pèsònèl yo pou devlope yon konpreyansyon pataje ki di **nou tout dwe fè pati pa nou an pou kite yo tandè opinyon ki diferan yo pandan nou youn ap respekte lòt epi kenbe kanpis nou an sekirite.**

Pou Terps nou yo ki retounen yo, nou te tandè sa anpil fwa anvan sa. Pou nouvo manm kominote nou an, tanpri patisipe nan angajman sa a avèk nou. Nou ankouraje chak etidyan, pwofesè ak manm pèsònèl pou yo vizite [freespeech.umd.edu](https://freespeech.umd.edu) pou nou familiarize nou ak Deklarasyon nou sou Valè Libète Ekspresyon an epi jwenn enfòmasyon siplemantè sou lapawòl ki pwoteje ak sa ki pa pwoteje, libète akademik, sivilite ak respè, ak lòt kesyon ki lye ak sa.

Nou gen chans pou n anseye, aprann ak travay nan youn nan inivèsite piblik ki pi divèsifye ak dinamik nan mond lan. Nou ka di san ezitasyon nou akeyi epi espere aktivite ekspresyon ki an konfòmite ak politik nou yo epi lwa eta a ak nan nivo federal ki aplikab yo.

## **Kijan inivèsite a fè espas pou demonstrasyon piblik**

Nou ankouraje tout Terps yo pou yo rete enfòme sou politik yo ak politik tanporè

nou genyen anplas yo ki ofri yon espas ak opòtinite pou eksprime tèt ou, ki enkli kowòdinasyon ak responsab kanpis yo epi abòde bezwen sekirite potansyèl yo.

Reprezantan inivèsite a travay ak manifestan yo epi òganizatè evènman yo pou bay konsèy sou evènman yo epi garanti respè politik inivèsite a ak lalwa. Gwoup yo souvan an konpayi ekip repons ak libète ekspresyon nou an, ki se anplwaye benevòl ki resevwa fòmasyon ki travay pou soutni manm kominote nou an pandan y ap fè tande vwa yo. Nou t a renmen remèsye pèsonèlman Divizyon Afè Etidyan an pou kowòdinasyon plizyè dizèn nan benevòl sa yo atravè kanpis la epi nou eksprime rekonesans nou pou chak manm ekip repons ak libète ekspresyon an ki sèvi Inivèsite Maryland lan (University of Maryland, UMD).

Paske nati, gwosè ak dimansyon aktivite ekspresyon yo ka varye, Depatman Polis Inivèsite Maryland lan travay ak responsab inivèsite yo pou detèmine ki bezwen nan zafè sekirite evènman an genyen.

Li posib pou nou wè ak tande aktivite ekspresyon sou kanpis la sou sijè nou ka dakò oswa pa dakò avèk yo, epi gen gwoup ki ka rezève espas tankou McKeldin Mall ak Hornbake Plaza, an konfòmite ak politik epi pwosedi nou yo, ki gen pami yo gwoup ekstèn ki gen mesaj ki ka pa sou menm liy ak valè inivèsite a. Antanke yon enstitisyon piblik, nou pa ka fè diskriminasyon sou baz kontni oswa pwennvi, e se poutèt sa nou dwe pèmèt gwoup sa yo pou fè tande vwa yo tou.

### **Konprann politik ak lwa yo**

Pandan libète lapawòl ak ekspresyon se yon dwa konstitisyonèl, li pa san limit, epi yo t a dwe evalye li selon enpak li sou lòt moun. [Politik inivèsite a](#) pa otorize pou moun antrave, pètibe, entèwonp, oswa eseye fòse anilasyon nenpòt ki pwogram,

evènman, konferans, oswa seminè inivèsite a oswa antite ki otorize pou itilize espas nou yo òganize. Pyès moun pa gen otorizasyon pou pètibe operasyon kanpis la oswa kapasite nou pou nou deplase, ni angaje nan asèlman ilegal, abi fizik, menas, oswa konduit ki endesan oswa ki chokan anvè nenpòt ki moun. Nan eta Maryland lan, aktivite ak konpòtman ki deranjan yo ka soumèt tou ak akizasyon kriminel.

Jwenn plis enfòmasyon sou politik tanporè nou yo sou tan, anplasman ak modalite [pou itilizasyon enstalasyon yo, itilizasyon lakrè pou ekri, afichaj ak distribisyon flayè](#) sou sit entènèt Sena inivèsite a.

## **Eleksyon 2024 lan**

Misyon edikatif nou an fè nou oblije pou nou se yon espas pou echanj lide ak pèspektiv ki ouvè. Ane sa a, nou ap temwen yon kous prezidansyèl istorik, epi nou soutni yon pledwari ki mache men nan men ak yon demokrasi ki sen. Nou fyè paske pwofesè nou yo gen pou yo anseye ak angaje yo nan rechèch ak travay akademik la avèk etidyan yo epi lòt moun pou egzamine enpak ak rezilta eleksyon 2024 la. Sa a gen pou l fèt atravè kou, diskisyon, epi pwogram entèdisiplinè tankou [Inisyativ Maryland pou Demokrasi](#) a.

Pa gen pi bon moman pou nou se sitwayen ki angaje nan kominote kanpis nou an, epi pou ede fasone avni nasyon nou an. Nou ka vizite [election.umd.edu](https://election.umd.edu) pou n jwenn resous siplemantè sou eleksyon an, ki enkli dat enpòtan, estati enskripsyon ak kijan pou n enplike n. Nou ankouraje nou pou n verifye dat limit pou enskri pou vote yo epi pou mande yon bilten vòt pa lapòs si nou pa ka vote an pèsòn. Nou ankouraje nou tou pou n eksplòre posibilite pou sèvi kòm ajan elektoral nan

eleksyon an.

Pou fini, mès paske nou fè Inivèsite Maryland yon kominote ki valorize libète, respè, sekirite ak sèvis pou byen piblik la.

Lè nou tout travay ansanm, nou se TerrapinSTRONG!

Sensèman,

**Jay Rosselló**

*Vis Prezidan pou Afè Jiridik ak Konseye Jeneral*

**Darryll J. Pines**

*Prezidan, Inivèsite Maryland*